

SOAL ULANGAN HARIAN KD 3.6 & 4.6 : TEMBANG MACAPAT (PANGKUR)

Petunjuk:

Isilah bagian titik-titik dengan mengetikan jawaban A/B/C/D yang menurutmu paling benar!

Wacan kanggo nomer 1 - 6

Deduga lawan prayoga
Myang watara riringa aywa lali
Iku parabot satuhu
Tan kenatininggalan
Tangi lungguh angadeg tuwin lumaku
Ngucap meneng anendra
Duga-duga nora kari

1. Pethikan ing ndhuwur kalebu asiling kasusastran kang awujud....
 - A. tembang Campursari
 - B. tembang Macapat
 - C. tembang dolanan
 - D. geguritan
2. Miturut cacahing gatra asiling kasusastraning ndhuwur kalebu....
 - A. tembang Sinom
 - B. tembang Pangkur
 - C. tembang Gambuh
 - D. tembang Maskumambang
3. Guru wilangan lan guru lagune tembang ing ndhuwur yaiku...
 - A. 8a, 11 i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i.
 - B. 8a, 11a, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i.
 - C. 8a, 10i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i.
 - D. 8a, 11 i, 8a, 7a, 12u, 8a, 8i.
4. Isining tembang ing ndhuwur yaiku....
 - A. pitutur
 - B. sindhiran
 - C. katresnan
 - D. kasedhihan
5. Sing diandharke ing tembang mau bab...
 - A. Apa-apa sing ora kena dilalekake.
 - B. Tatakrama sakabehe tumindak.
 - C. Tatakramane wong omong.
 - D. Tatakramane wong turu.
6. Tan kena tininggalan. Ukara iku tegese...

- A. Sing kudu ditinggalake
- B. Ora kena ditinggalake
- C. Kudu ditinggalake
- D. Aja ditinggalake

7. Mingkar mingkuring angkara,
 Akarana karenan mardi siwi,
 Sinawung resmining kidung,
 Sinuba sinukarta,
 Mrih kertarta pakartining ngelmu luhung,
 Kang tumrap neng Tanah Jawa,
 Agama ageming aji.
 (Serat Wedhatama anggitanipun KGPA Mangkunegara IV)

Pethikan tembang mau ing Tembang Macapat kasebut tembang apa?

- A. Sinom
- B. Pangkur
- C. Gambuh
- D. Megatruh

8. Ana pirang gatra, pethikan tembang mau?

- A. 7
- B. 9
- C. 5
- D. 8

9. Mrih kertarta, mrih tegese....

- A. amarga
- B. supaya
- C. salahe
- D. carita

10. Amarga ana tembung *mingkar mingkur* ing cakepan tembang mau, sliramu langsung bisa mangerteni jenenge tembang mau. Tembung *mingkar mingkur* nuduhake...tembang.

- A. watak gunane
- B. andhegane
- C. pedhotane
- D. sasmitane

11. Akarana karenan mardi siwi, ukara kasebut tegese amarga seneng....

- A. nyenengake anak
- B. ndhidhik anak
- C. momong
- D. ndolani

12. Sinawung resmining kidung. Tegese tembung kidung yaiku....

- A. dhagelan
- B. tembang
- C. geguritan
- D. carita

13. Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung. Tegese tembung ngelmu luhung yaiku....

- A. maguru
- B. sugih ngelmu
- C. golek ngelmu
- D. kawruh kang utama

14. Jirak pindha mungging wana,
sayeng kaga we rekta kang muroni,
nyenyambi kalaning nganggur,
wastra tumrap mustaka,
pangikete wangsulan kang sekar pangkur,
baon sabin ing nawala,
kinarya langen pribadi.

Miturut Tembang ing ndhuwur apa wangsulan saka wangsulan jirak pindha mungging wana?

- A. aren
- B. kesambi
- C. nyenyambi
- D. kolang-kaling

15. Wangsulan tembang wastra tumrap mustaka yaiku....

- A. Iket
- B. Jilbab
- C. kudung
- D. blangkon

16. Tegese tembung we rekta, yaiku ...

- A. anggur
- B. kesambi
- C. banyu abang
- D. banyu bening

17. Sawise tekan titi wancine manungsa lair saka guwa garbane ibu. Tembang sing trep karo kahanane manungsa ing wayah iki yaiku....
- A. Mijil
 - B. Megatruh
 - C. Dhandhanggula
 - D. Maskumambang
18. Layake wong nom-noman biasane wis wiwit duwe rasa tresna marang wong liya, umpamane nom-noman lanang seneng karo nom-noman wadon, wis padha nandang asmara mula tembange
- A. Dhandhanggula
 - B. Asmaradana
 - C. Megatruh
 - D. Pangkur
19. Tambah tuwa saya mundur saka kadonyan, wiwit mundur saka marcapada banjur ana tembang
- A. Durma
 - B. Megatruh
 - C. Dhandhanggula
 - D. Maskumambang
20. Tambah meneh umure wis saya adoh saka kadonyan, wis diakehi cerak marang Kang Maha Kuwasa kanggo ngadhepi akherat, mungkur saka kadonyan, mula banjur tembange Pangkur
- A. Pocung
 - B. Pangkur
 - C. Megatruh
 - D. Maskumambang